# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# राजकुमार क एगो चरवाहा बनल


लेखक: Edward Hughes

अनुवादकः सुरेश मसीह

ब्याख्याकर: M. Maillot; Lazarus

अनुकूलित: E. Frischbutter; Sarah S.


कहानी 10 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri







मूसा, अपनी नजर के चारों ओर घुमवलन कि केहु कहीं उनके देख ना लेव, उ क्रूर दासन की स्वामी पर हमला कइलन। ए लड़ाई में, मूसा ओ मिस्री के मार डललन। अउर जल्दी से ओकरी, शव के दफन कर दिहलन।
3


अगिला दिन, मूसा दूगो इब्रियन के आपस में लड़त देखलन। उ उनके रोकला क कोशिश कइलन। ओमें से एगो कहलस, "का तू ओ मिस्री की समान हमके भी मारल चाहत बाड़अ?" मूसा डर गोइलन। सब लोग के पिछला दिन की बारे में पता चल चुकल रहे। फिरौन के भी मालूम हो गइल रहे। मूसा के भागे के पड़ी। उ मिद्यान नाम की देश में भाग गोइलन।
4


मूसा एगो कुँवा की लंगे आराम करत रहलन, उहवें मिद्यान की याजक क सातो बेटी लोग अपनी बाबूजी की झुंड के पानी पियावे खातिर कठौती में पानी भरत रहलीं।
5


अन्य चरवाहा लोग ओ लोगन के धक्का देके एक तरफ हटवला क कोशिश कइलें। मूसा ओ महिला गोल क रक्षा करके उनकर मदद कइलन।
6


लइकियन क बाप रूएल आश्चर्य से पुछलें, "तू लोग आज जल्दी घर कइसे आ गोइलु!" जब बेटी लोग समझवली तब उ कहलन, "ओ आदमी के ईहाँ ली आवअजा" मूसा रूएल की संगे जिनके जेथ्रो की नाम से भी जानल जात रहल, की संगे लहलन।
आगे चलके, मूसा रूएल की सबसे बड़की बेटी से शादी कइलन।
7


अब मिस्र में, फिरौन क मृत्यु हो चुकल रहे। परमेश्वर क लोग, इब्रि, अभी भी गुलाम रहलें।
उ लोग बड़ा दुख में जीवन यापन करत रहलें!
8


उ लोग परमेश्वर
की मदद खातिर
प्रार्थना कइलें!
परमेश्वर उन सब
कर प्रार्थना सुन लिहलें।
9


मूसा के ई पता ना रहल, लेकिन परमेश्वर
गुलाम इब्रियन क मदद की खातिर उनके
उपयोग कइला क योजना बनवलें। मूसा
के मिस्र छोड़ले चालीस साल बीत
चुकल रहे। उ रूएल की झुंड क
चरवाहा रहलन। लेकिन मिस्र
में उनके लोगन क याद
जरूर आवल करत होई।
10


एक दिन मूसा पास की एगो झाड़ी में आग
देखलन। लेकिन आग झाड़ी के जरा
ना पावत रहल। मूसा एकर पता
लगवला क फैसला कइलन।
11


जइसे ही मूसा झाड़ी की करीब पहुंचलन, परमेश्वर झाड़ी में से
मूसा के पुकरलें, "मूसा!" "हम ईहाँ बानी," मूसा कहलन। "अउर
करीब मत आवअ," परमेश्वर कहलें "अपनी गोड़ क जूती उतार
दअ, जेवना जमीन पर तू खड़ा बाडअ उ पवित्तर जमीन हअ।"
12


परमेश्वर कहलें, "हम अपनी लोगन के मिस्र से बाहर
निकाल लियावे की खातिर तोहके फिरौन की पास
भेजब" लेकिन मूसा उँहा जइला से डेराये लगलन।
13


फिर परमेश्वर मूसा के अपनी महान शक्ति दिखवलें। उ
मूसा की छड़ी ले एगो साँप में बदल दिहलन।
14

जब मूसा साँप के पूंछ की तरफ से पकड़ के उठवलन तब उ फिर से उकर लाठी बन गोइल। परमेश्वर एगो अउर संकेत दिहलन।



15

उ आज्ञा दिहलन, "सीना पर अपनी हाथ के रखअ" मूसा वइसने कइलन। उकर हाथ कुष्ठ रोग से ग्रसित सफेद हो गोइल।



16

उ फिर से वापस ओइसने कइलन अउर उकर हाथ चंगा हो गोइल।



17

मूसा अबो आपत्ति जतवलन। उ परमेश्वर के बतवलन कि, "हम बढ़ियाँ तरह से बोल ना सकी ना।" परमेश्वर नाराज हो गोइलें। उ कहलें, "हम तोहरी भाई हारून क उपयोग करब, तू उनके बोले खातिर शब्द बतईहअ।"



18

मूसा, जेथ्रो की पास लवटलन, आपन सामान बन्हलन अउर मिस्र देश की खातिर रवाना हो गोइलन।



19

परमेश्वर, मूसा की भाई हारून क नेतृत्व कइलन की उ पहाड़न में मूसा से मिलवँ। मूसा सब हिब्रू लोगन के मिस्रवासियन की गुलामी से मुक्त कइला की बारे में परमेश्वर की योजना के हारून से बतवलन। दूनों साथ में, यहूदी अगुवन की पास ए खबर के पहुचवलें।



20













राजकुमार क एगो चरवाहा बनल

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

निर्गमन 2-5

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !